# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ МЕНШИКЛЕСТИРИЎ, МОНОПОЛИЯДАН ШЫҒАРЫЎ ҲӘМ БӘСЕКЕЛИКТИ РАЎАЖЛАНДЫРЫЎ КОМИТЕТИ ТУЎРЫДАН-ТУЎРЫ СӘЎБЕТЛЕСИЎ АЛЫП БАРЫЎ ЖОЛЫ МЕНЕН ӨТКЕРИЛЕТУҒЫН АШЫҚ ОФЕРТА САЎДАСЫНА МИРӘТ ЕТЕДИ

Betti PDF ta'rizde ju'klep ali'w (57 Kb) Versiyasi' Betti doc ta'rizde ju'klep ali'w (57 KB)

Өзбекистан Республикасы Президентиниң 2015-жыл 28-апрельдеги ПК-2340-санлы қарарына асас, Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2014-жыл 6-октябрьдеги 279-санлы қарары менен тастыйықланған тәртиплерине тийкарланып төмендеги аты көрсетилген мәмлекетлик мулклер, дәслепки сатылыў баҳалары пәсейтирилген халда ашық оферта саўдаларына шығарылмақта.

1. Хожели районы, Тахиаташ қаласында жайласқан пайдаланылмай бос турған гөне Мәмлекетлик салық инспекциясының бос турған имәраты – сатылыў баҳасы 398.032.050 сўм.

2. Нөкис қаласы, Муқуми көшеси №35 үйде жайласқан Пайдаланылмай бос турған Пенсия қоры имәраты – сатылыў баҳасы 815.665.750 сўм.

3. Хожели районы, Тахиаташ қаласы, Ш.Рашидов көшеси №33 үйде жайласқан «Тахиаташ коммунал хызмет» ЖШЖ-ниң 25 пайыз мәмлекетлик үлеси – сатылыў баҳасы 71.139.006 сўм.

4. Амударья районы, «Махтумқулы» көшеси нөмерсиз үйде жайласқан «Мангит пилла» ЖШЖ-ниң 25 пайыз мәмлекетлик үлеси – сатылыў баҳасы 423.389.700 сўм.

5. Нөкис қаласы, Хожели көшеси нөмерсиз жайда жайласқан «Карақалпақ көтере саўда» ЖШЖ-ниң 85,49 % мәмлекетлик үлеси – сатылыў баҳасы 4.212.414.782 сўм.

6. Еллиққала районы «Еллиққала» АПЖ-да жайласқан сапластырылған «Бустон винзаводы» ААЖ-ниң мулкий комплекси - сатылыў баҳасы 371.063.100 сўм.

Бул мүлклер бойынша оферта саўдасы 2017-жыл 28-апрель, 13 ҳәм 27-май, 13 ҳәм 30-июнь, 15 ҳәм 30-июль күнлери саат 11.00 де болып өтетуғынын алдыннан мәлим етемиз.

өткерилетуғын сәўбетлесиўлердиң тийкарғы шәртлери:

- жоқарыда көрсетилген мәмлекетлик мулклердиң дәслепки сатылыў баҳасынан кем болмаған муғдарда сатып алыў төлемлерин усыныс етиў;

- төлемлерди қысқа муддет ишинде амелге асырыў;

Талапкерлер мәмлекетлик активтиң дәслепки сатылыў баҳасының 15 пайызынан кем болмаған муғдарда Сатыўшының төмендеги банк реквизитларына закалат пулын төлеўлери шәрт:

Өзбекистан Республикасы Финанс министрлиги Жеке Ғазна есап бети;

Есап бет: 23402000300100001010;

Орайлық банкиниң Ташкент қаласы есап-китап касса орайы ИНН: 201122919; Банк коды: 00014.

Қарақалпақстан Республикасы меншиклестириў, монополиядан шығарыў ҳәм бәсекеликти раўажландырыў комитети есап бети: 200421860354010000000000001.

Туўрыдан-туўры сәўбетлесиў Қарақалпақстан Республикасы меншиклестириў, монополиядан шығарыў ҳәм бәсекеликти раўажландырыў комитетиниң мәжилислер залында (мәнзил: Нөкис қаласы А.Темур көшеси, 112А-уй.) болып өтеди.

Талапкерлердиң усынысларын қабыл қылыў саўда өткизилиўден уш кун алдын тоқтатылады. Хужжетлер дем алыс ҳәм байрам кунлеринен тысқары ҳәр куни Қарақалпақстан Республикасы меншиклестириў, монополиядан шығарыў ҳәм бәсекеликти раўажландырыў комитети (305-хана) тәрепинен қабыл қылынады.

Туўрыдан-туўры сәўбетлесиўде қатнасыў ушын талапкер ямаса оның ўакили дағазада көрсетилген муддетлерде өзи болмаса почта төмендеги хужжетлерди қосқан халда буйыртнаманы еки нусқада усыныс етеди:

Юридикалық тәреплер ушын – мәмлекетлик дизимнен өткенлиги туўрысында гуўахнаманың нусқасы, сондай-ақ исенимли ўәкилиниң қатнасыўы ушын, нызам хужжетлерде белгиленген тәртипте расмийлестирилген, оның шахсын тастыйықлаўшы хужжетлердиң нусқасын косқан халда исеним хат;

Физикалық тәреплер ушын – паспорттың нусқасы, исенимли ўакил қатнасқан жағдайда нызам хужжетлерде белгиленген тәртипте

расмийлестирилген, оның шахсын тастыйықлаўшы хужжетлердиң нусқасын косқан халда исеним хат;

Еки нускада жабыстырылған конвертлерге салынган ҳәм төмендегилерди өз ишине киретуғын талапкердиң усыныслары;

Сатып алыў төлемлериниң усыныс етилип атырган суммасы ҳәм оларды төлеў муддети.

Усынылып атырған хужжетлердиң барлық бетлери талапкердиң мөри ҳәм имзасы менен тастыйықланған болыуы керек.

Ашық оферта саудасында қатнасыўды қалеўши шахслар қосымша мағлыуматлар ушын Қарақалпақстан Республикасы меншиклестириў, монополиядан шығарыў ҳәм бәсекеликти раўажландырыў комитетине муражәәт етиўи мумкин.

Мәнзил: 230100, Нөкис қаласы А.Темур көшеси 112А-уй.

Телефонлар: 222-02-87; 222-02-75; 222-02-12

Ҳурметли исбилерменлер! Саўдада қатнасыў ушын хужжетлерди тапсырыў ҳәм саўдаларды өткизиў пайытында нызамбузыўшылықлар ҳәм өз хуқықларыңыз бузылған халатлары ямаса ашкаралық тәмийинленбегенлиги халатлары болған жағдайда куни Қарақалпақстан Республикасы меншиклестириў, монополиядан шығарыў ҳәм бәсекеликти раўажландырыў комитетиниң 222-02-87 исеним телефонына хабар етиўиңиз соралады.

Sa'ne: 26.07.2017 09:34, ma'rte ko'rip shi'g'i'ldi'